

ESKE'M KALIFYE POU TRIBINAL LA BANM OTORIZASYON POU ANPECHE YON MOUN ABIZE'M

OTORIZASYON POU ANPECHE ABI

Ou ka mande yon otorizasyon pou anpeche abi (lòd 209A) nan men yon jij nan tribinal isit la si:

1. Ou menm ak moun ki abize'w la te oubyen toujou:

- Marye
- oubyen rete ansanm nan menm kay,
- renmen oubyen fiyanse,
- fanmi de san ou maryaj,
- ou gen yon timoun ansanm;

2. Epi wap souffri de abi paske moun ki te abize'w la te:

- fè'w mal oubyen te eseye fè'w mal fizikman,
- fè'w pè ke yon zak malonèt serye pral fèt,
- te koz ou te rantre nan relasyon seksyèl san volonte'w paske'l itilize fòs, menas ou presyon;

3. Epi ou:

- wap viv nan zòn gewografik tribinal isit la,
- oubyen ou te konn viv nan zòn gewografik tribinal isit la men'w te kite pou'w evite abi.

Yon jij kapab ba'w otorizasyon pou yo pa abize'w san ke yo pat fè moun kite abize'w la konnen davans si'w montre ke gen yon bon chans pou'w ta an danje de abi kounye a.

OTORIZASYON POU ANPECHE TOUMAN

Ou kapab mande yon otorizasyon pou anpeche touman (lòd 258E) de yon jij nan tribinal sa-a si:

1. Wap souffri de touman paske:

- yon moun te komèt 3 ou plis aksyon:
 - ki te vle fè'w mal pa ekspresè,
 - ki te dirije ak ou menm,
 - e ki te gen entansyon pou'l fè'w pè, intimide'w, abize oubyen kraze zafè'w;
"Abize" vle di fè oubyen eseye fè'w mal fizikman
 - E anfèt li te fè'w pè, abize'w oubyen kraze zafè'w;
- Oubyen yon moun te fè'w fe sèks avèk li san'w pat dakò avèk fòs, menas, presyon;
- Oubyen yon moun kite fè yon aksyon kont ou omwen yon fwa ki vyole nenpòt nan lwa sa yo: Lwa general chapit 265, §§ 13B, 13F ou 13H (manyen'w nan kote ki pa apwopriye), 22 ou 22A (Vyòl), 23 (vyole yon minè) 24 ou 24B (fè moun pè avèk entansyon pou'w vyole'l), 26C (sedwi yon timoun), 43 (mache dèyè ak entansyon pou komèt zak kriminèl), 43A (touman kriminèl), ou chapit 272 § 3 (dwoge moun pou sèks);

2. E wap viv nan zòn gewografik tribinal isit la.

Yon jij kapab ba'w yon otorizasyon pou anpeche touman san yo pa fè moun kap toumante'w la konnen davans si'w montre ke gen yon bon chans pou'w ta an danje de touman kounye a.